



Enfòmasyon rapid sou Plan Medicare yo ak sou fason pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou yo

This is an Official U.S. Government Product

Plan Medicare yo dwe respekte sèten règ lè yokomèsyalize plan yo e pou yo kapab jwenn enfòmasyon an rejistreman nan men ou. Fèy enfòmasyon an esplike règ plan sante ak plan medikaman Medicare yo dwe respekte.

Plan Medicare ak moun ki reprezante yo pa gen dwa fè sa ki annapre yo :

- Mande w pou nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo kont bankè w ni nimewo kat kredi w.
- Faktire w yon montan lajan pou enskri w nan yon plan.
- Voye w imèl san ou pa t otorize sa.
- Rele w, sòf si w déjà manm nan plan an oswa ou te bay plan an pèmisyon pou li rele w. Si w déjà manm, ajan kit e ede w enskri pral rele w.
- Vini lakay ou san ou pa t envite li pou li mande w enskri nan yon plan Medicare.
- Fè yon randevou pou pale w de plan an, sòf si w dakò (alekri oswa nan diskisyon nan telefòn ki anrejistre) ak produi w t ap diskite a. Pandan randevou a, yo kapab vann ou sèlman produi ou te dakò pou tandem prezantasyon an.
- Ofri w lajan pou enskri nan plan an oswa ba w manje gratis pandan y ap eseye vann ou plan an.
- Enskri w nan yon plan medikaman nan telefòn, sòf si se w kit e rele yo e ou te mande pou yo enskri w.
- Mande pou w peye yo nan telefòn oswa nan Entènèt. Plan an oblige voye w yon fakti.
- Eseye vann ou yon produi ki pa gen anyen pou wè ak lasante, tankou yon anwite oswa yon kontra asirans-vi pandan y ap eseye vann ou yon plan sante oswa yon plan medikaman Medicare.
- Pale w osijè de plan yo nan zòn kote w ap resevwa swen sante, tankou nan yon sal egzamen oswa nan yon chanm pou pasyan lopital.
- Eseye vann ou plan yo oswa enski w pandan yon evènman edikatif tankou yon kèmès oswa yon konferans sou lasante.
- Ba w presyon pou enskri nan plan yo lè yo di bagay tankou « ou oblige enskri nan plan sa a oswa ou p ap gen okenn asirans pou ane pwochen. »
- Mande w bay yo non, nimewo telefòn ak adrès zanmi w oswa fanmi pou eseye al vann yo tou.
- Mande w pou w siyen fòm enskripsyon an anvan ou pare pou enskri. **Ou ta dwe siyen fòm la sèlman lè w pare pou w enskri.**

Si yon plan itilize ajan ak ajan sou komisyon ki endepandan, yo dwe gen yon lisans Eta a. Plan an dwe di Eta a ki ajan y ap itilize.

Pa reponn pèsòn oswa pa ranpli okenn dokiman ki pa suiv rèila yo e rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou rapòte pwoblèm la. Moun ki malantandan yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

Ou gendwa rele tou Kontraktyèl pou entegrite medikaman Medicare (MEDIC) la nan 1-877-7SAFERX (1-877-772-3379). MEDIC la ede anpeche aktivite ki pa apwopriye e li goumen pou elimine fwòd, gaspiyaj ak abi nan plan Medicare yo.

Nòt : Si w te ranpli yon demann aplikasyon pou Asistans siplemantè e gen enfòmasyon ki manke, yon moun nan Sekirite Sosyal la pran kontakte w. Yo pral mande w sèlman pou enfòmasyon ki manke yo.

Pwoteje tèt ou kont Vòl idantite ak Fwòd idantite.

Vòl ak fwòd idantite se yon zak ki grav anpil. Sa rive lè yon moun itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo san ou pa t bay otorizasyon pou li fè fwòd oswa lòt krim toujou. Pami enfòmasyon pèsònèl yo gen non ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou, ak nimewo kont bankè w oswa nimewo kat kredi w yo. Medicare ap fè anpil jefò pou pwoteje w kont vòl idantite.

Pa janm bay enfòmasyon ou yo bay yon moun ki vin lakay ou (oswa ki rele w) san ou pa t janm rele yo anvan pou l vin vann ou produi ki gen pou wè ak Medicare. Medicare P AP JANM rele w ni vin lakay ou san ou pa t envite nou pou vin vann ou produi Medicare.

Si w sispek ou viktim yon vòl idantite oubyen ou panse w bay enfòmasyon pèsònèl ou yo yon moun ki pa gen otorizasyon, rele Nimewo gratis kont vòl idantite Komisyon federal pou Komès la, nan 1-877-438-4338. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-866-653-4261.

Si w santi w andanje (pa egzanp, yon moun ap fòse w oswa ap entimide w), rele depatman lapolis la touswit.

Nòt : Si w pèdi kat Medicare ou oswa yo vòlè li, oubyen si w bezwen yon nouvo kat Sekirite Sosyal, al gade nan www.socialsecurity.gov oswa rele nan 1-800-772-1213. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-800-325-0778.

Si w resevwa benefis nan men Konsèy Retrèt Chemendfè (RRB) a, rele biwo RRB lokal ou a nan 1-877-772-5772 oswa al gade nan www.rrb.gov.



Produi CMS Nimewo 11147-HC (Haitian Creole)
Revizyon nan mwa oktòb 2011